



Kesyon Moun Poze Souvan: COVID-19

Kisa ki COVID-19, ki te rele anvan Nouvo maladi Kowonaviris 2019?

COVID-19 se yon nouvo maladi respiratwa ki koze pa SARS CoV-2 (rele anvan 2019-nCov), ki te idantifye pou premye fwa nan vil Wuhan, peyi Lachin nan mwa Desanm 2019.

Kisa kowonaviris ye?

Kowonaviris (CoV) se yon gwo fanmi viris ki koze maladi ki varye ant rim e ki ka koze lot maladi ki pi grav. Sendwòm Respiratwa Mwayen Oryan (Middle East Respiratory Syndrome, MERS) ak Sendwòm Respiratwa Sevè ak Egi (Severe Acute Respiratory Syndrome, SARS) se koronavirus ki lakoz yo. Gen anpil rechèch kap fèt nan moman an pou jwenn plis enfòmasyon.

Èske COVID-19 se menm maladi avèk MERS oswa SARS?

Non. COVID-19 se yon nouvo maladi kowonaviris ki diferan avèk viris yo ki koze Sendwòm Respiratwa Mwayen Oryan (MERS) o Sendwòm Respiratwa Sevè ak Egi (SARS). Sepandan, analiz jenetik yo sigjere ke viris sa gen rapò avèk SARS. Sa a se yon sitiasyon k ap evolye byen vit epi n ap kenbe nou o kouran le enfòmasyon yo vin disponib.

Kijan COVID-19 simaye?

COVID-19 koze pa yon viris respiratwa. Maladi a kapab simaye ant yon moun ki enfekte ak yon lòt moun. Pa goutlèt respiratwa lè moun ki enfekte a touse oswa etènye sou lòt moun ki andan yon distans 6 pye. Se tankou fason jèm enfluenza oswa lòt jèm respiratwa simaye. Li posib pou moun kapab enfekte ak COVID-19 si moun nan manyen yon sifas oswa objè ki gen viris la sou li epi answit moun si moun nan manyen bouch li, nen li, oswa je li. A trave nouvel rechèch fe konen ke COVID-19 ka rete vivan pou plizye tan avek plizye jou sou plizye mareryel, men depi sifas materyèl la fin sèch nèt, li pagen anpil chans pou viris la transmèt enfeksyon. Netwaye ak dezinfekte souvan ap sufi pou retire tout risk ki genyen pou sifas mouye oswa sèk yo pou transmèt COVID-19.

Ki sentòm avek konplikasyon covid-19 ka koze?

Moun ki gen COVID-19 rapòte yo gen maladi respiratwa ki antre modere e sevè avèk sentòm lafyè, tous, ak yo pa respire bien. Lot sentom tankou moun nan santi li fret, moun nan pedi gou bouch li e li pedi sens ode. Ka ki pi seve COVID-19 kapab koze nemoni.

Ki moun ki gen plis chans ratrape konplikasyon grav nan COVID-19?

Gen kèk moun ki gen pi gwo chans pou yo malad ak COVID-19 tankou :

- Granmoun aje yo
- Moun ki gen kondisyon sante kache ki gen ladan tankou maladi kè, dyabèt, maladi nan poumon, obezite

Si ou gen pi gwo chans pou w vin malad anpil nan COVID-19, ou ta dwe:

- Fè estokaj sou founiti, tankou medikaman.
- Pran prekosyon chak jou pou kenbe espas ant ou menm ak lòt moun.
- Lè w al deyò an piblik, rete lwen yon moun ki malad, evite anpil kontak avek moun (nan 6 pye) epi lave men ou souvan.
- Evite foul moun otan ke posib.
- Evite vwayaj kwazyè ak vwayaj nan lè ki pa esansyèl.
- Pandan epidemi COVID-19 nan, rete lakay ou otan posib pou plis moun pa malad.

Èske fanm ansent gen pi gwo chans pou konplikasyon nan COVID-19?

Fanm ansent ka gen plis chans pou gen konplikasyon grav nan COVID-19. Tout otan pa gen plis enfòmasyon ki disponib, li enpòtan pou fanm ansent pwoteje tèt yo kont COVID-19.

Kilè sentòm yo parèt?

Sentòm yo ka parèt ant 2 ak 14 jou apre yon moun rantre an kontak avek viris la. Premye sentòm lan paret sou fom la grippe, touse ak etènye.

Koman doktè yo trete COVID-19?

Tretman pou kounye a se soulage avek sentòm yo . Pou kounye a pa gen yon vaksen pou pwoteje moun kont nouvo kowonaviris sa a, epi tou pa gen tretman espesifik.

Koman mwen kapab pwoteje tèt mwen?

Pi bon fason pou evite enfeksyon an se evite lot moun ki infekte avek viris la. Pou sityasyon sa a. BPHC rekòmande pran menm prekosyon yo pou anpeche lòt viris respiratwa yo simaye tankou grip:

- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, sitou apre ou soti nan twalèt la, anvan ou manje, apre ou etènye, e apre ou touse.
- Si pa gen savon ak dlo, itilize dezenfektan avek alkòl ki gen omwen 60% alkòl.
- Evite manyen je, nen, ak bouch ou avèk men ou sil pa lave.
- Evite pran kontak avèk moun ki malad.
- Pa mange ak bwe ak moun, pa utilize kiye ak fouchet avek moun.
- Rete lakay ou si ou malad.
- Kouvri bouch ou lè w ap touse oswa etènye avèk manch rad ou (pa avèk men ou) oswa yon klinèks, answit jete klinèks la nan fatra e lave men ou.
Netwaye epi dezenfekte objè ak sifas ou manyen souvan avèk yon espre netwayaj regilye pou kay.
- Netwaye e dezinfekte bagay ki nap manyen souvan.
- Evite krache an piblik.
- Pran vaksen kont lagrip.

Èske mete yon mask anpeche mwen simaye COVID-19?

Tout moun sipoze mete mask oubien kouvri figi yo le yap pran lari sof timoun ki gen 2 zan pou yo pa propage viris la. Espesyalman pou mou ki gen problem poumon avek problem respiratwa. Sa ap ede anpil mou pa infekte avek viris la. Moun kap travay lopital e kap ede moun ki malad ki ka petet genyen COVID-19.

Koman pou mwen konnen si mwen te ekspoze?

An jeneral, ou dwe rantre an kontak avèk yon moun ki malad pou ou enfekte. Pa egzamp:

- W'ap viv nan menm kay ak yon moun ki malad ak COVID-19
- W'ap pran swen yon moun ki malad ak COVID-19
- Lè ou yon kanpe a 6 pye yon moun ki malad ak COVID-19 pandan 10 minit, OSWA
- Lè ou nan kontak dirèk ak sekresyon kò moun ki malad ak COVID-19 (pa egzanp si moun malad la touse sou w, bo w, pataje istansil ak w, elatriye).

Si ou pat nan kontak ak yon moun ki malad ak COVID-19, ou pa gen anpil chans pou enfekte ak COVID-19. Si ou rantre an kontak ak yon moun malad ak COVID-19, ou ta dwe rete lwen lòt moun pandan 14 jou epi kontwole tèt w pou siy maladi. Yon moun ki pa gen sentòm oswa ki poko devlope sentòm yo ka toujou simaye COVID-19, men chans la plispou yon moun ki gen sentòm ki pwodwi plis sekresyon. Antouka, nan sikonstans aktyèl, tout moun ta dwe kontwole sante yo epi rete lwen lòt moun mete mask le wap pran lari oubien si ou vin malad.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen te antrean kontak ak yon moun ki gen COVID-19?

Si wap viv Boston BPHC ap kontak w ou si ou ta an kontak avèk yon moun ki genyen COVID-19. Si wap viv andeyo de Boston Massachusetts Department of Public Health (MDPH) ou bien lot departman lokal ap kontak w Kontwole tèt ou apati moman an ou te gen kontak avèk moun nan, epi si ou vin gen lafyèw oswa nenpòt lòt sentòm, rele pwofesyonèl swen sante ou. Rete lakay ou pandan 14 jou

Kisa mwen ta dwe fè si mwen te nan yon avyon ak yon moun ki mwen panse gen COVID-19?

Si ou se yon rezidan Boston, BPHC pral kontakte ou si nou idantifye ou kòm moun ki te gen kontak dirèk avèk yon moun idantifye ak COVID-19. Si w ap viv deyò Boston, Departman Sante Piblik Massachusetts (Massachusetts Department of Public Health, MDPH) oswa departman sante piblik lokal ou pral kontakte ou.

Èske mwen bezwen teste pou COVID-19?

Si ou nan yon gwoup ki gen pi gwo risk pou maladi grav nan COVID-19 epi si w gen sentòm viris la, ou ta dwe rele pwofesyonèl swen sante ou. Pwofesyonèl swen sante ou pral evalye sentòm ou, posibilite ke w te ekspoze, epi li pral detèmine si ou ta dwe fè tès la. Moun ki gen gwo risk enkli:

- Granmoun aje ki gen laj 60 zan oswa plis
- Moun ki gen kondisyon sante kache
- Moun ki gen sistèm iminitè ki fèb

Si ou se yon travayè swen sante ki an kontak avèk pasyan oswa lòt travayè swen sante, oswa si ou se yon premye sekouris (EMS, dife, lapolis), ou bezwen fè tès la si ou komanse gen sentòm yo. Si ou pa nan yon gwoup ki gen gwo risk, ou pa yon travayè swen sante oswa yon premye sekouris, ak sentòm ou yo pa twò grav, ou pa bezwen evalye an pèsòn epi ou pa bezwen fè tès pou COVID-19. Sa a ou kapab fè se izole tèt ou (gade anba a). Kounye a pa genyen medikaman ni vaksen pou trete COVID-19.

Koman moun teste pou COVID-19?

Si ou gen sentòm tankou grip oswa ou te nan kontak dirèk avèk yon moun idantifye ak COVID-19, kontakte pwofesyonèl swen sante ou SOU TELEFÒN LAN. Si ou pa gen yon pwofesyonèl swen sante, ale nan yon klinik, sant swen ijans, oswa departman ijans ki pi pre a selon jan ou malad. Si li posib, tanpri kontakte klinik la, sant swen ijans lan, oswa departman ijans lan SOU TELEFÒN LAN anvan ou rive. Pwofesyonèl swen sante a yo pral travay ansanm avèk Departman Sante Piblik Massachusetts pou yo detèmine si ou bezwen teste pou COVID-19 ak ki kote yo kapab teste ou.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen te nan kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19 e apre mwen vin malad?

Si ou vin malad avèk lafyèw, tous oswa souf kout (menm si sentòm ou yo trè modere), ou ta dwe rete lakay ou epi lwen lòt moun yo. Rele pwofesyonèl swen sante ou epi di yo ke ou te ekspoze a yon moun ki gen COVID-19. Kounye a pa gen okenn medikaman pou trete COVID-19. Si ou gen yon ijans medikal epi ou bezwen rele 911, avèti moun yo nan ambulans la ke ou te ekspoze nan COVID-19. Si sa posib, mete yon mask figi anvan ambulans la rive oswa imedyatman apre l rive.

Si mwen fèk vwayaje nan yon zòn ki gen transmisyon toupatou nan COVID-19 si mwen vini malad, ki sa mwen ta dwe fè?

Si ou te vwayaje nan yon zòn ki gen transmisyon COVID-19 nan dènye 14 jou, ou dwe rete lakay ou pa soti pandan 14 jou. Epi si ou santi ou malad avèk lafyèw (38°C/100.4 °F), tous, oswa difikilte pou respire, ou ta dwe:

- Chèche swen medikal touswit. Anvan ou ale nan yon klinik swen sante, rele davans pou fè yo konnen dènye vwayaj ou te fè a ak sentòm ou genyen.
- Evite kontak avèk lòt moun.
- Pa vwayaje pandan ou malad.
- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon klinèks oswa manch rad ou (pa avèk men ou) lè w ap touse oswa etènye.
- Mete yon mask figi anvan w ale deyò nan piblik.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si savon ak dlo pa disbonib, itilize yon dezenfektan men ki baze nan alkòl omwen 60%.
- Pou ijans medikal yo (pa egzanp souf kout oswa doulè nan pwatrin), rele 911.

Si ou idantifye ak COVID-19, pou konbyen tan w ap nan izolasyon?

Pasyan ak COVID-19 ta dwe rete anba izolasyon kay jiskaske risk transmisyon a lòt moun rive nan yon nivo ki ba. Pasyan ki gen pwoblèm medikal sevè pral rete nan lopital jiskaske kondisyon yo vin stab. Ou ta dwe pran desizyon pou sispann izolasyon kay sou yon baz ka-pa-ka, nan tèt ansanm avèk pwofesyonèl swen sante yo ak depatman sante leta ak depatman sante piblik lokal. Pa gen anpil enfòmasyon ki ajou sou COVID-19; donk, prekosyon pridan nou sijere pou lakay ou baze sou rekòmandasyon jeneral pou lòt kowonaviris ki koze maladi grav, tankou Sendwòm Respiratwa Mwayen Oryan (MERS).

Kisa mwen ta dwe fè pou anpeche enfeksyon mwen an gaye nan fanmi mwen ak lòt moun nan kominote a?

Rete lakay ou sòf pou jwenn swen medikal

Ou ta dwe fè restriksyon aktivite w deyò kay ou, sòf pou resevwa swen medikal. Pa ale nan travay, lekòl, oswa zòn piblik yo. Evite itilize transpò piblik, pataje woulib, oswa taksi. Separe tèt ou de lòt moun e bèt yo nan kay ou.

Moun: otan ke posib, ou ta dwe rete nan yon chanm espesifik ak lwen lòt moun nan kay ou. Epitou, ou ta dwe itilize yon twalèt separe, si sa disponib. Pa pataje manje, bwason, ak istansil yo.

Bèt: Gade "[COVID-19 ak Bèt](#)" pou plis enfòmasyon.

Rele davans anvan ou vizite doktè ou

Si ou gen yon randevou medikal, rele pwofesyonèl swen sante a epi di yo ke ou gen sentòm ki samble avèk COVID-19. Sa ap ede biwo swen sante a pran mezi pou anpeche lòt moun vin enfekte oswa ekspoze.

Mete yon mask figi

Ou ta dwe mete yon mask figi lè w pre lòt moun (pa egzanp, pataje yon chanm oswa yon machin) oswa lè w pre bèt kay, ak anvan ou antre nan yon biwo pwofesyonèl swen sante a. Si ou pa kapab mete yon mask figi (pa egzanp, paske li koze pwoblèm pou w respire), lè sa a, moun k'ap viv avèk ou pa ta dwe nan menm chanm nan avèk ou, oswa yo ta dwe mete yon mask figi si yo antre nan chanm ou.

Kouvri tous ak etènye ou yo

Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon tisi lè w ap touse oswa etènye. Jete tisi w itilize nan yon poubèl; lave men ou imedyatman ak savon ak dlo pandan omwen 20 segonn oswa netwaye men ou avèk yon dezenfektan ki baze sou alkòl ki gen omwen 60% alkòl; kouvri tout sifas men ou epi fwote yo jiskaske yo santi yo sèk. Itilizasyon savon ak dlo enpòtan si men yo sal.

Evite pataje atik pèsònèl nan kay la

Ou pa ta dwe pataje asyèt, vè, gode, istansil manje, sèvyèt, oswa kabann ak lòt moun oswa bèt kay nan kay ou. Apre ou fin itilize bagay sa yo, yo ta dwe lave byen ak savon ak dlo.

Netwaye men ou souvan

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Si dlo ak savon pa disponib, netwaye men ou avèk yon dezenfektan ki baze sou alkòl ki gen omwen 60% alkòl; kouvri tout sifas men ou epi fwote yo jiskaske yo santi yo sèk. Itilizasyon savon ak dlo enpòtan si men yo sal. Evite manyen je ou, nen ou, ak bouch ou avèk men ki pa lave.

Netwaye tout sifas moun "manyen anpil" chak jou

Kèk nan sifas moun manyen anpil se kontwa anlè tab, manch pòt, enstalasyon nan twalèt, twalèt, telefòn, klavye konpitè, tablèt elektwonik, ak ti tab ki arebò kabann. Epitou, netwaye nenpòt sifas ki ka gen san, poujou, oswa flouyid kò sou yo. Itilize yon ayewosòl oswa sevyèt netwayaj pou kay dapre enstriksyon yo ki nan etikèt la. Toujou li etikèt la ki gen enstriksyon pou itilizasyon pwodwi netwayaj la san danje, ki enkli prekosyon ou ta dwe pran lè w ap aplike pwodwi a, tankou pou mete gan epitou pou asire gen bon vantilasyon pandan w ap itilize pwodwi a.

Siveye sentòm ou yo

Chèche swen medikal imedyatman si maladi ou vin pi grav (pa egzanp, ou gen difikilte pou respire). Anvan ou chèche swen medikal, rele pwofesyonèl swen sante ou pou fè li konnen ke ou genyen, oswa yo ap evalye w pou, COVID-19. Mete yon mask figi anvan ou antre nan klinik la. Etap sa yo pral ede klinik sante a anpeche lòt moun ki nan klinik la vin enfekte avèk viris la.

Sispann izolasyon lakay ou

Kritè pou tèmine izolasyon kay pou moun ki gen COVID-19 baze sou direktiv ki soti nan CDC. Depatman sante piblik lokal ou a oswa leta a ap fè w konnen ki lè bon pou sispann izolasyon an.

Apres anplwaye yo retounen soti nan yon zòn ki gen transmisyon COVID-19 toupatou, kilè yo kapab retounen nan travay?

Si yon moun antre an kontak apre li soti nan yon zòn ki gen transmisyon COVID-19 toupatou, moun sa a ta dwe restrikte aktivite li pou 14 jou. Distans sosyal vle di evite espas piblik yo kote ou ka gen kontak dirèk avèk lòt moun (pa egzanp, sant acha, sal sinema, estad, elatriye), espas travay (sòf si travayè a yon "travayè esanyèl" oswa espas travay la pèmèt travayè pran distans avèk lòt moun), anviwònman lekòl ak lòt anviwònman salklas ak sèvis transpò piblik lokal yo (pa egzanp, otobis, tren, taksi, ko-vwatiraj) pandan yon peryòd 14 jou paske sentòm enfeksyon yo ka rive pandan peryòd sa. Restriksyon sa yo dwe anvigè pandan 14 jou apati moman an moun nan te pètèt ekspozè a viris la. Kontakte departman sante piblik lokal ou oswa departman sante leta a kote w ap viv lasi ou gen lòt kesyon.

E moun ki ta vle vwayaje?

COVID-19 rapòte nan tout mond lan, avèk tout eta nan peyi Etazini an. Gen restriksyon sou vwayaj nan tout majorite mond lan. Evite vwayaje. Ranvwaye vwayaj planifye yo.

Èske mwen kapab vwayaje nan lòt kote? Peyi?

Pou kounye a, CDC rekòmande pou evite tout vwayaj ki pa enpòtan, sitou nan peyi ki gen transmisyon COVID-19 toupatou. Pou jwenn enfòmasyon ajou sou zòn jewografik yo ki afekte ak transmisyon COVID-19, vizite sitwèb <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/travelers/index.html>.

Koman Boston kontwole moun ki soti nan peyi ki gen transmisyon COVID-19?

Moun ki retounen soti nan yon peyi ki gen transmisyon COVID-19 pou yo siveye tèt yo pou sentòm lafyè, souf kout ak tous pandan 14 jou. Si ou te vwayaje nan youn nan zòn ki afekte epi ou vin gen sentòm, rele pwofesyonèl swen sante ou.

Èske mwen gen risk pou COVID-19 si mwen resevwa pwodwi ki soti nan peyi Lachin?

Pou kounye a, pa gen prèv ki montre ke COVID-19 oswa nenpòt lòt kowonaviris kapab simaye pa machandiz ki soti nan peyi Lachin oubien lot peyi. Pa gen okenn ka enfeksyon COVID-19 nan Etazini ki asosye avèk machandiz enpòte yo.

Èske chen oubien chat mwen an kapab ban mwen COVID-19?

Menm si viris la sanble li soti nan yon sous animal, kounye a l ap simaye ant moun ak moun. Nan moman sa a, pa gen prèv ki montre ke bèt kay tankou chat ak chen nan Etazini kapab enfekte avèk COVID-19 oswa simaye li.

Si ou gen vaksen kont grip la, ou pa bezwen enkyete konsènan COVID-19, kòrèk?

Vaksen kont grip la bay pwoteksyon sèlman kont grip la, pa kont lòt viris yo. Pou kounye a pa gen vaksen kont COVID-19.

Èske mwen kapab enfekte ak COVID-19 nan lè a ki pase nan sistèm vantilasyon bilding mwen?

COVID-19 simaye ant moun-a-moun akòz kontak dirèk la (distans fizik ki mwens 6 pye). Yo panse transmisyon ant moun-a-moun fèt nan menm fason lòt viris respiratwa (tankou grip) ak lòt patojèn respiratwa simaye, lè moun nan touse ak etènye toupre lòt moun. Nan moman sa a, pa gen prèv COVID-19 simaye nan sistèm ayerasyon yo.

Kèk atik medya sosyal sijere pou pwoteje tèt ou kont COVID-19 pou vale oswa gagari klowòks, pran asid asetik oswa estewoyid, oswa itilize lwil esansyèl, dlo sale, etanòl, oswa lòt sibstans. Èske se vrè?

Non, epi kèk nan sibstans sa yo kapab danjere anpil. Pa gen prèv ki montre estrateji sa yo kapab pwoteje ou kont COVID-19. Men kèk nan pi bon fason pou pwoteje tèt ou kont COVID-19 (ak lòt viris respiratwa yo):

- Lave men ou souvan epi byen itilize savon ak dlo.
- Kouvri bouch ou lè w ap touse oswa etènye avèk manch rad ou (pa avèk men ou) oswa yon klinèks, epi answit jete klinèks la nan yon poubèl.
- Evite kontak dirèk avèk moun ki malad oswa moun k ap etènye e touse.
- Chèche jwenn enfòmasyon nan yon sous ou fè konfyans tankou Òganizasyon Mondyal Lasante (World Health Organization), CDC, oswa depatman sante piblik lokal ou oswa depatman lasante leta w.

Kisa Boston ap fè pou prepare pou COVID-19?

BPHC ap travay avèk patnè lokal, patnè leta, ak patnè nasyonal yo sou yon fason kontinyèl pou gide biznis ak lòt sektè yo, epi y ap kominike avèk piblik la lè plis enfòmasyon vin disponib. Nan menm tan, nou kontinye ankouraje tout moun pou yo pratike distans fizik, ijyèn men ak etikèt tous, pou yo pran vaksen kont grip la, epi pou yo rete lakay yo si yo malad pou evite transmisyon maladi respiratwa yo, tankou grip la, ki toujou ap sikile nan kominote nou an.

Kisa yon group moun ka fe pou evite COVID-19?

Tout gro evènman ta dwe ranvwaye oswa anile.

Si ou pa kapab evite mennen gwoup moun ansanm, fè ajisteman sa yo:

- Gwoup ki gen plis pase 10 moun pa dwe rakontre.
- Moun ki malad pa ta dwe vini nan reyinyon an.
- Eseye jwenn yon fason pou bay moun plis espas fizik otan ke posib (omwen 6 pye rekòmande).

- Dekouraje sekwe men, anbrase lòt moun, elatriye.
- Pa pataje manje, bwason, oswa istansil nan reyinyon an.

Pandan yon evènman esansyèl (tankou yon evènman nan sipò repons COVID-19 la):

- Bay mesaj asertive yo sou COVID-19
- Ankouraje pratik ki sispann gaye mikwòb yo
- Asire aksè apwopriye a lavabo ak savon, dezenfektan men, ak tisi
- Planifye pou absans anplwaye yo
- Idantifye yon espas ki ka itilize pou izole anplwaye oswa patisipan ki vin malad nan evènman an.

Si mwen gen yon kesyon sou COVID-19, ki moun mwen ta dwe kontakte?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19, ou kapab vizite sitwèb www.bphc.org/2019ncov oswa rele 617-534-5050.

Kisa ki (CTC) ?

Boston, Massachusetts avek Partners in Health, kreye COVID-19 Community Tracing Collaborative (CTC). Objektif program nan se pou kenbe kominote a an sante pou diminye enfeksyon viris la e an menm tan chache moun ki genyen viris la .CTC ap kontakte moun ki genyen viris la e pou ede lot moun ki ekspoze avek viris la.

Kijan map konnen le moun CTC yo ap rele mwen ?

Nimero yo ap komanse pa 833 oubien 857 e telefon nan ap di “ MA COVID Team”. Yap rele tout moun chak jou a pati de 8 he nan maten juska 8 he di swa.

De kisa yap pale ?

CTC pral poze kesyon sou ki kantite moun ou te an kontak (6 pye) pandan 2 premye jou yo avan ou gen simtom yo . Si ou pa gen simtom yap mandew kisa ou te fe pandan 2 jou ki pase yo avan out e enfekte . Yap mandew nimero tout moun ou di yo , pou yo ka rele yo e pou yo ka ede yo . Yap rele yo pou di yok e yo te ekspoze avek COVID-19 pou yo ka teste yo , yo pap patage enfòmasyon ou bay yo. Si ou rete lakay ou pandan izolasyon an, ap ede poukelkeswa sa ou ta bezwen e yap metew an kontak avek yon moun ki ka edew, moun sa ap edew jwe sipor ou bezwen yo. Pandan ou malad la, CTC ap kontinye veye sou ou.



Boston Public Health Commission | Infectious Disease Bureau
1010 Massachusetts Avenue | Boston, MA 02118 | www.bphc.org